



**Apati 1ye jiyè 2026**, MyKey+ ap fè peman transpò IndyGo ou a vin pi fasil toujou.

Moun ki itilize MyKey+ yo ka:

- Peye tarif transpò yo lè yo itilize yon kòd QR dirèkteman sou telefòn entelijan yo.
- Itilize yon kat MyKey+ pou monte nan transpò a byen vit epi byen fasil.
- Jere kont pèsònèl/kont fanmi yo ansanm ak balans yo sou entènèt atravè
- aplikasyon MyKey+ la oswa pòtay entènèt la.
- Pwoteje balans yo si kat yo pèdi oswa si yo vòlè li lè yo anrejistre kat la nan kont MyKey+ yo.
- Benefisye plafon tarif transpò a.

**Jwenn Plis Enfòmasyon:**

[IndyGo.net/MyKeyPlus](https://IndyGo.net/MyKeyPlus)



### MyKey+ Transition Timeline

|                      |                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                      |
|----------------------|------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>July 1, 2026</b>  | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Lanse pòtay entènèt ak aplikasyon mobil MyKey+</li> <li>• Y ap sispann vann pas mayetik (mag-stripe) yo (2 Èdtan, 1 Jou, 10 Trajè, 31 Jou, S-pass ak Summer Youth) nan Biwo Sèvis Kliyan an, sou entènèt ak nan machin distribitè tikè yo (TVM)</li> <li>• Pas mayetik ble ak blan yo (2 Èdtan ak 1 Jou) ap disponib pou vann sèlman nan bis yo.</li> </ul> |
| <b>Aug. 1, 2026</b>  | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Y ap sispann aksepte peman MyKey yo epi y ap fèmen machin distribitè tikè yo (TVM)</li> </ul>                                                                                                                                                                                                                                                               |
| <b>Sept. 1, 2026</b> | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Yo p ap aksepte MyKey ankò</li> </ul>                                                                                                                                                                                                                                                                                                                       |
| <b>July 1, 2027</b>  | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Yo p ap aksepte pas mayetik (mag-stripe) yo (2 Èdtan 1 Jou*, 7 Jou, 10 Trajè, 31 Jou, S-pass ak Summer Youth) ankò</li> </ul> <p><i>*Pas mayetik ble ak blan (1 Jou) yo achte nan bis la pa ladan l.</i></p>                                                                                                                                                |

### Jounen Pòt Ouvè MyKey+ nan Sant Transpò Julia M. Carson

Ou gen kesyon? Anplwaye IndyGo yo ap eksplike tranzisyon an, ede itilizatè ki gen kat tarif transpò redwi yo pase nan MyKey+, epi montre yo kijan pou yo itilize MyKey+. Lè w vini nan yon jounen pòt ouvè pou w jwenn plis enfòmasyon epi pou w resevwa kat MyKey+ ou a, nou ankouraje w pou balans kat MyKey ou a se \$0.00 pou fasilite tranzisyon an. Itilizatè ki gen tarif transpò redwi yo dwe prezante kat tarif redwi ki valab yo a ansanm ak yon lòt pyès idantite pou yo ka resevwa yon kont MyKey+.

| <b>6 pou rive 17 jiyè</b>                                                                                                       | <b>17 pou rive 28 out</b>                      |
|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|------------------------------------------------|
| Lendi – Vandredi:<br>7 – 9 a.m. epi 5 – 7 p.m.                                                                                  | Lendi – Vandredi:<br>7 – 9 a.m. epi 5 – 7 p.m. |
| <b>Orè Tanporè Biwo Sèvis Kliyan:</b><br>Biwo Sèvis Kliyan: l ap ouvri samdi soti 9 a.m. pou 1 p.m. pandan mwa jiyè ak mwa out. |                                                |